



## SCHOOL-LEVEL PARENT AND FAMILY ENGAGEMENT PLAN

2024-2025

Poinciana Elementary School

Tara L. Whitehead

1407 Kennedy Dr. Key West, Florida 33040

Mwen menm, Tara L. Whitehead, mwen sètifye tout reyalite, figi ak deklarasyon ki etabli nan aplikasyon sa a se verite, egzak, epi konsistan avèk deklarasyon asirans pou egzansyon sa yo. Anplis sa, tout lwa, règleman, ak pwosedi ki aplikab yo; egzijans administratif pou pwogram yo; ansanm ak pwosedi pou kontwòl fiskal epi pou kenbe dosye gen pou yo egzekite yon fason pou garanti bon jan responsabiltè nan zafè depans ki fèt nan kad pwojè sa. Tout dosye ki nesèsè pou jistifye egzijans sa yo gen pou yo disponib pou manm pèsònèl apwopriye nan Eta a ak gouvènman federal la egzamine. Anplis sa mwen sètifye tout depans yo pral fèt apati dat antre an vigè oswa aprè antre an vigè pwojè a epi anvan dat pou pwojè a fini an. Dekèsman yo gen pou yo deklare sèlman nan mezi kote yo apwopriye pou pwojè sa, epi yo p ap itilize pou fon kontrepati pou pwojè sa oswa nenpòt lòt pwojè espesyal, kote sa entèdi.

Asirans:

- Yo pral dirije lekòl la dapre definisyon legal "angajman paran ak fanmi" jan li defini nan Seksyon 8101 Lwa sou Reyisit Chak Elèv (Every Student Succeeds Act, ESSA), epi dwe aplike pwogram, aktivite, ak pwosedi yo an akò avèk definisyon sa a.
- Lekòl la pral fè kontak ak tout paran ak manm fanmi yo epi aplike pwogram, aktivite, ak pwosedi pou patisipasyon paran yo ak manm fanmi yo nan tout pwogram Tit I, Pati A li yo ki konsistan avèk Seksyon 1116 Lwa sou Reyisit Chak Elèv (ESSA). Pwogram, aktivite, ak pwosedi sa yo dwe planifye epi aplike avèk yon konsiltasyon enpòtan ak paran timoun k ap patisipe yo. [Seksyon 1118(a) ESSA]
- Lekòl la ap travay pou li garanti politik ki obligatwa sou kesyon angajman paran ak fanmi yo nan nivo lekòl la elabore sou baz sou-seksyon (b), chak lekòl ki desèvi nan kad pati sa ap devlope yon Angajman Kay-Lekòl ki dekri fason paran yo, tout manm pèsònèl la ak elèv yo gen pou yo pataje responsabiltè konsènan amelyorasyon rezilta eskolè elèv yo ak mwayen lekòl la ak paran yo ap itilize pou konstwi ak devlope yon patenarya pou ede timoun yo rive atenn estanda elve Eta a. [Seksyon 1116(d) ESSA]
- Nan kad aplikasyon egzijans angajman paran ak fanmi pou Tit I, Pati A nan mezi sa posib, lekòl la pral ofri tout posibilite yon fason pou paran ki pa fin metrize Anglè yo, paran ki gen andikap yo, ak paran timoun ki migran yo kapab patisipe, tankou pandan l ap bay enfòmasyon ak rapò eskolè ki obligatwa yo nan yon fòm paran yo kapab konprann epi ki nan yon sèl fòm, san wete lòt fòm si yo mande sa, epi nan mezi sa posib, li ap bay yo nan yon lang paran yo kapab konprann. [Seksyon 1116(e)(f) ESSA]
- Lekòl la pral enplike paran ak manm fanmi timoun ki ap resevwa sèvis nan kad pati sa nan desizyon ki gen rapò ak fason yo itilize fon ki rezève yo pou aktivite patisipasyon paran yo. [Seksyon 1116(3) ESSA]
- Lekòl la pral itilize fon ki rezève yo nan kad pati sa pou mennen aktivite ak estrateji ki konsistan ak politik angajman paran ak fanmi yo jan sa dekri nan Seksyon 1116(3) ESSA a.



### Deklarasyon Misyon sou Angajman Paran ak Fanmi yo

*Kòman plan angajman paran ak fanmi yo se yon responsabilite ki pataje?*

*Kòman plan sa kontribye nan bay tout moun ki ap aprann yo yon ansèyman ki gen bon jan kalite?*

Repons:

Deklarasyon misyon nou: “Kreye Lidè - Chak Jou!”

Ogmantasyon angajman paran ak fanmi lye ak amelyorasyon rezilta elèv yo. Maksimize angajman ak patisipasyon paran ak fanmi yo nan edikasyon piti yo pandan y ap bay enfòmasyon espesifik ak pwogrè sou metriz kourikoulòm ki gen ladan estrateji pou amelyore konpetans nan domèn sibler yo. Yo enfòme paran yo konsènan resous ki disponib atravè Classlink timoun yo nan lide pou ede yo pwogrese nan domèn akademik yo.

### Enplikasyon Paran ak Fanmi yo

Lekòl la pral enplike paran yo nan planifikasyon, egzamen ak amelyorasyon pwogram Tit I yo sa enkli patisipasyon paran yo epi nan pwosesis desizyon yo sou fason fon angajman paran yo gen pou yo itilize:

Repons:

Y ap envite fanmi Poinciana yo pou yo patisipe nan reyinyon Konsèy Konsiltatif Lekòl (School Advisory Council, SAC) la ansanm ak reyinyon Tit I nou yo. Anplis opòtinite pou bay opinyon nan reyinyon yo, gen enfòmasyon nou pral pataje atravè tablo komunikasyon dijital nou an, bilten nouvel chak semèn nou an, The Pelican Post, epi sou sit wèb nou an. Fanmi yo pral gen opòtinite pou yo bay opinyon yo atravè Akèt pou Paran Tit 1, imèl, alekri oswa an pèsòn. Paran kapab gen aksè ak ajannda/minit reyinyon SAC la ki disponib sou sit wèb lekòl la oswa nan biwo a. Tout opinyon yo rasanble konsènan devlopman Plan Amelyorasyon Lekòl la pral trete fòmèlman nan reyinyon SAC atravè diskisyon, refleksyon ak desizyon pataje. Yo fè reyinyon Tit I yo nan kòmansman ak nan fen ane eskolè a. Ajannda premyè reyinyon an gen ladan li enfòmasyon konsènan objektif ak aplikasyon Tit I an nan lekòl nou an ak sa pwogram nan vle di pou paran ak elèv yo. Dezyèm reyinyon an fèt pou evalye pwogram nan epi bay paran yo opòtinite pou yo bay opinyon yo ki pral itilize nan pwosesis planifikasyon ane pwochèn.

### Kowòdinasyon ak Entegrasyon

Lekòl la pral kowòdone epi entegre pwogram ak aktivite Angajman Paran ak Fanmi ki vini annaprè yo avèk lòt Pwogram Federal yo, nan mezi kote sa posib ak apwopriye, nan objektif pou aprann paran yo kòman pou yo ede timoun yo lakay yo:



# SCHOOL-LEVEL PARENT AND FAMILY ENGAGEMENT PLAN

2024-2025

	<b>Pwogram</b>	<b>Kowòdinasyon</b>
1	Reyinyon/Sware Paran Elèv k ap Aprann Anglè (English Language Learners, ELL)	Nan Poinciana Elementary School nou òganize Reyinyon ak atelye Paran FAST de fwa pa ane. Sa yo mete aksan espesyal ak resous ki vize nan kominote EL nou an. Sepandan, gen plis evènman yo pataje ak paran yo ki pral angaje yo nan karyè lekòl pitit yo tou. Objektif evènman sa yo se angaje ak responsablize paran ELL yo pandan y ap ba yo enfòmasyon ak resous enpòtan ki gen rapò ak edikasyon pitit yo nan yon anviwònman ki favorab ak lang epi ki enklizif.
2	Edikasyon pou Timoun Piti ak fanmi Pre-matènèl Volontè (Voluntary Prekindergarten, VPK)	<p>Reyinyon pou lekòl matènèl se yon evènman ki òganize pou prezante elèv ki fèk ap antre nan lekòl matènèl ansanm ak paran yo nan anviwònman lekòl la. Objektif prensipal li se bay enfòmasyon sou pwogram lekòl matènèl la, sou règleman lekòl yo, epi fasilite pwosesis enskripsyon pou nouvo elèv yo.</p> <p>Pandan reyinyon pou lekòl matènèl la, nou ofri divès kalite materyèl ak resous pou ede paran ak elèv yo fè tranzisyon san pwoblèm nan sistèm lekòl la. Sa yo ka gen ladan yo pake enfòmasyon sou règleman lekòl yo, apèsi sou kourikoulòm, detay sou aktivite lekòl yo, ak dat enpòtan yo. Poinciana itilize opòtinite sa a tou pou fè egzamen oswa evalyasyon nan lide pou evalye preparasyon nouvo elèv yo epi idantifye nenpòt pwoblèm akademik oswa devlopmantral potansyèl.</p>
3	McKinney-Vento/CHIPS	<p>Poinciana Elementary School gen pou objektif ede ak loje elèv ki sanzabri ak fanmi yo pou garanti estabilite ak sipò edikatif. Sipò ak resous pou fanmi ki sanzabri nan Poinciana Elementary School ka gen ladan Lyezon avèk Sanzabri, Enskripsyon Imedya, Manje Gratis epi ak Pri Redwi, Founiti Lekòl.</p> <p>Konsènan leson patikilyè ak lòt pwogram, priyorite yo akòde ak elèv ki sanzabri yo, ki rele souvan "Timoun ak Jèn moun ki nan Sitiyasyon Sanzabri" (CHIPS), ka varye. Sepandan, Lwa sou Asistans pou Moun ki Sanzabri McKinney-Vento a, ki se yon lwa federal, egzije pou elèv ki sanzabri yo gen aksè egal nan tout pwogram ak sèvis edikatif, ki gen ladan sèvis Tit I yo. Lwa a gen objektif pou li elimine tout sa ki anpeche timoun ak jèn moun ki sanzabri yo jwenn edikasyon.</p>



## SCHOOL-LEVEL PARENT AND FAMILY ENGAGEMENT PLAN

2024-2025

### Reyinyon Anyèl Paran (Sware Tit I)

Lekòl la pral òganize yon reyinyon anyèl nan objektif pou enfòmè paran elèv ki patisipan yo konsènan pwogram Tit I lekòl la, nati pwogram Tit I an (asistans nan nivo lekòl la oswa asistans ki sible), epi dwa paran yo genyen atravè aktivite ki vini annaprè yo:

	Pwogram	Moun ki Responsab la	Kalandriye	Prèf Efikasite
1	Lekòl la pral òganize Reyinyon Anyèl Paran an nan de premyè mwa lekòl la epi pral enfòmè paran yo pa mwayen Depliyon, Bilten Nouvèl pou Paran (Pelican Post), Tèks Blackboard, Kontak Pwofesè	Tara Whitehead (Direktris) Eric Stair (Asistan Direktè) Sarah Garr (Kontak Tit I)	5 Septanm 2024	Depliyon pou voye lakay timoun yo ak piblisite, fèy anrejistreman, Prezantasyon Sware Tit I an, ajannda
2	Devlopman yon ajanndan pou Reyinyon Anyèl Paran.	Tara Whitehead (Direktris)	Out – Septanm 2024	Ajannda Konplè.
3	Devlope/planifye materyèl (prezantasyon, dokiman lekòl/distri) pou Reyinyon Anyèl Paran.	Tara Whitehead (Direktris) BLPT	Out – Septanm 2024	Lis Kontwòl Sware Tit I Konplè.
4	Fè piblisite epi avèti paran yo de semèn alavans atravè rezo sosyal, bilten nouvèl pou paran yo ak mesaj Blackboard Connect.	Tara Whitehead (Direktris)	Out – Septanm 2024	Facebook, Pelican Post (Bilten Nouvèl pou Paran), Tèks Blackboard

### Reyinyon Paran ki Fleksib

Kòman lekòl la pral ofri opòtinite ki fleksib pou paran ak fanmi yo patisipe nan aktivite ak reyinyon ki òganize epi ki pèmanan yo?

Repons: Genyen de reyinyon fòmèl ki fèt nan aswè. Opòtinite pou enplikasyon paran atravè atelye, evènman kourikoulòm ak aktivite elèv ki fèt nan plizyè moman pandan tout ane a tankou anvan, pandan ak aprè lekòl. Anplis reyinyon sware pou tout lekòl la, POI ofri tou de reyinyon maten pou paran yo patisipe aprè yo rive, sa ki sipòte kwasans akademik elèv nou yo epi ki pèmèt paran nou yo vin pi enfòmè sou evalyasyon ak sipò pou elèv nou yo.

Konsèy Konsiltatif Lekòl (SAC) nou an ansanm ak Òganizasyon Paran Pwofesè (Parent Teacher Organization, PTO) nou an reyini chak mwa oswa yon total dis fwa pandan tout ane a. Daprè direktiv SAC yo, reyinyon yo fèt fas a fas avèk yon opsyon vityèl pou paran ki pa kapab la pou patisipe an pèsòn yo. Gen yon tradiktè ki disponib si sa nesèsè pou reyinyon SAC/PTO yo. Yo afiche minit ak ajannda SAC yo sou paj wèb Tit I nou an sou sit wèb Poinciana Elementary nou an pou referans.



## SCHOOL-LEVEL PARENT AND FAMILY ENGAGEMENT PLAN

2024-2025

Nou ofri yon aktivite kourikoulòm pou paran nan tout lekòl la pandan trimès la. Non aktivite a gen pou tit Pelican Palooza. Evènman an rasanble Sware EL, Ekspozisyon Atizanal, Sware Syans, Teknoloji, Jeni ak Matematik (Science, Technology, Engineering, and Mathematics, STEM), Sware Matematik, ak Sware Atizay Lang Anglè (English Language Arts, ELA) nou yo. Anplis sa, nou envite òganizasyon kominotè yo pou pataje aktivite pratik, ki enteresan ki ankouraje misyon yo. Tit, mwen kontribiyè finansyèman nan evènman sa yo. Nou mete yon bibliyotèk resous paran disponib epi li gen ladan materyèl ki la pou paran yo prete. Fòmasyon Alfabetizasyon nou an disponib pou ede paran yo avèk estrateji yo ka aplike lakay yo epi pwofesè nou yo ankouraje yon koneksyon pozitif ant lekòl ak lakay atravè konferans, sit wèb epi aktivite klas yo.

Nou pral fè paran yo konnen reyinyon sa yo atravè yon varyete kominikasyon ki apwouve, ki gen ladan bilten nouvèl pou paran yo, mesaj Facebook ak Blackboard.

### Ranfòsman Kapasite – Aktivite/Atelye pou Paran ak Fanmi yo

Lekòl la pral aplike aktivite ki vini annaprè yo pou ranfòse kapasite angajman paran ak fanmi epi pou sipòte yon patenarya ki etabli ant lekòl la, fanmi yo ak kominote a. Aktivite sa yo pral favorize reyisit elèv yo ak rezilta akademik yo.

	Kontni ak Tip Aktivite	Moun ki Responsab la	Enpak yo Prevwa sou Rezilta Elèv	Kalandriye	Prèv Efikasite
1	Reyinyon Anyèl Paran Tit 1	Tara Whitehead	Nan Poinciana Elementary School, travay an ekip gen anpil enpòtans epi se yon priyorite pou garanti siksè akademik tout elèv nou yo. Nou planifye aktivite ki ede nou bati yon relasyon pozitif epi solid avèk paran yo epi ak kominote a pou ankouraje siksè elèv yo.	5 Septanm 2024	Fèy Anrejistreman Tit I, ajannda, prezantasyon enfòmasyon nan Sware Tit I, Depliyon



## SCHOOL-LEVEL PARENT AND FAMILY ENGAGEMENT PLAN

**2024-2025**

2	Bibliyotèk Resous pou Paran yo	Sarah Garr (Kontak Tit I) Alex Dorisca (Edikatè Paran)	Rechèch pwouve rezilta elèv yo ogmante avèk ogmantasyon enplikasyon paran yo nan edikasyon. Resous ki disponib nan Bibliyotèk Resous pou Paran nou an ede nan kad efò sa yo.	An pwogresyon	Estati Manje Midi FRL, Lis kontwòl Sant Resous pou Paran yo, foto, piblisite PRC
3	Dosye jou Madi, Bilten Nouvèl chak Semèn, Sit Wèb	Diane Russell, Pwofesè Sal klas, Administratè	Kominikasyon sa yo enpòtan pou enfòmasyon fanmi nou yo konsènan evènman ak diferan opòtinite angajman. Nou itilize platfòm sa yo tou pou selebre siksè elèv yo. Ogmante opòtinite pou patisipasyon paran yo.	Chak semèn	Bilten nouvèl Pelican Post Mizajou Sit wèb Lekòl la
4	Jounal Remak FOCUS (Rapò Pwogrè ak Kanè)	Pwofesè Sal klas	Tout paran gen aksè ak pòtay paran FOCUS la pou egzamine nòt, konpòtman, ak dokiman prezans. Yo enprime Rapò Pwogrè ak Kanè yo epi yo voye yo lakay timoun yo nan Dosye Jou Madi yo. Ogmantasyon rezilta elèv gras avèk plis enplikasyon ak konpreyansyon paran	An pwogresyon Chak Trimès	Kanè/Rapò pwogrè



## SCHOOL-LEVEL PARENT AND FAMILY ENGAGEMENT PLAN

**2024-2025**

5	SAC	Administratè Konsèy SAC	Yo pataje lyen vityèl yo avèk paran yo epi fanmi yo. Ajannda ak Minit yo afiche sou sit wèb nou an pou Aksè Piblik. Gen tradiktè ki disponib. Ogmantasyon Angajman Paran nan kominikasyon efikas avèk pati konsène yo konsènan desizyon enpòtan lekòl yo.	Chak mwa	Envitasyon SAC chak mwa, Fèy Anrejistreman, ajannda ki konplè, minit, depliyen
6	Pelican Palooza		Sware STEM, Alfabetizasyon, EL ak Matematik ansanm ak Pwomnad Atizay pral ogmante rezilta elèv yo ak nòt egzamen yo pandan y ap bay resous adisyonèl ak devlopman pwojè ki pral ede sipòte aprantisaj lakay ak nan lekòl la.	11 Desanm 2024	Fèy anrejistreman, depliyen pou voye lakay elèv yo, ajannda, entegrasyon konpetans ak ogmantasyon nan avantaj aprantisaj yo nan matyè ki asosye youn ak lòt yo.
7	Reyinyon Paran selon Nivo Klas yo	Administratè	Paran yo pral gen opòtinite pou yo rankontre avèk administrasyon an pandan jounen lekòl la. Sijè k ap diskite yo se pral tès FAST, Kanè, Pòtay Paran, Resous pou Paran yo.	Oktòb 2024 ak Fevriye 2025	Fèy anrejistreman, depliyen, mesaj tèks blackboard, ajannda, lòt materyèl yo voye lakay, echantiyon rapò.
8	Konferans Paran/Pwofesè	Pwofesè Paran	Paran ak Pwofesè yo ka mande pou yo patisipe nan yon konferans pou diskite sou rezilta akademik ak konpòtmantal pitit yo ak sou domèn pou amelyore.	An pwogresyon pandan tout ane a	Dokiman sou elèv, pelican post, kanè, fèy anrejistreman



## SCHOOL-LEVEL PARENT AND FAMILY ENGAGEMENT PLAN

**2024-2025**

9	Bibliyotèk Lib	Pwofesè Paran Elèv	Poinciana ofri paran ak elèv yo opòtinite pou vizite bibliyotèk lekòl la de samdi nan yon mwa. Elèv yo ka prete liv, li liv avèk paran yo, epi pase yon tès Lektè Rapid (Accelerated Reader, AR). Sa a bay elèv yo opòtinite pou yo gen aksè egal nan liv ak òdinatè yo pandan wikenn nan.	De samdi nan yon mwa pandan tout ane lekòl 2024-25 lan.	Foto elèv ak fanmi ki vizite bibliyotèk la Fèy anrejistreman
---	----------------	--------------------------	--	---	--

### Fòmasyon pou Manm Pèsonèl

Lekòl la pral bay aktivite devlopman pwofesyonèl ki vini annaprè yo pou edike epi sipòte pwofesè ak manm pèsonèl lekòl la sou fason pou rive fè kontak avèk paran ak fanmi yo, pou kominike avèk yo, epi pou travay avèk yo antanke patnè ki egal.

Kontni ak Tip Aktivite	Moun ki Responsab la	Enpak yo Prewwa sou Rezilta Elèv	Kalandriye	Prèy Efikasite
<b>Fòmasyon PFE 1:</b> Retounen nan Bazik – Teknik Kominikasyon Familyal Efikas	Kowòdonatè Angajman Paran ak Fanmi nan Distri a	Nan amelyore kalite ak konsistans kominikasyon ant pèsonèl lekòl la ak fanmi yo, sa pral sipòte dirèkteman yon anviwònman kote fanmi yo ak lekòl yo travay ansanm nan yon fason pwodiktif pou amelyore rezilta elèv yo.	Oktòb 2024	Ajannda, repons evalyasyon/ankèt, fèy prezans, Prezantasyon videyo
<b>Fòmasyon PFE 2:</b> Òganize Konferans Efikas ant Paran ak Pwofesè	Kowòdonatè Angajman Paran ak Fanmi nan Distri a	Konferans efikas ant paran ak pwofesè favorize patenarya ki pi solid, sipò rapid ak objektif akademik ki pi klè, ki pral kontribye nan pi bon rezilta elèv yo.	Janvyè 2025	Ajannda, repons evalyasyon/ankèt, fèy prezans, Prezantasyon videyo





## SCHOOL-LEVEL PARENT AND FAMILY ENGAGEMENT PLAN

2024-2025

<b>Fòmasyon PFE 3: Ranfòse Kapasite Fanmi yo pou Sipòte Aprantisaj Elèv yo</b>	<b>Kowòdonatè Angajman Paran ak Fanmi nan Distri a</b>	<b>Ranfòse kapasite fanmi yo pou sipòte aprantisaj kreye yon koneksyon ant lakay ak lekòl ki pi solid epi asire yon ranfòsman akademik konsistan. Sa a pral ede amelyore rezilta elèv yo sitou konsènan <i>regresyon ete</i> nan aprantisaj.</b>	<b>Avril 2025</b>	<b>Ajannda, repons evalyasyon/ankèt, fèy prezans, Prezantasyon videyo</b>
<b>Fòmasyon Parapwofesyonèl</b>	<b>Parapwofesyonèl</b>	<b>Parapwofesyonèl yo te resevwa aprantisaj pwofesyonèl sou Apwòch Alfabetizasyon Estriktire pou ede elèv yo epi eksplike efò yo ak paran/manm fanmi yo.</b>	<b>14 Out</b>	<b>Ogmante konesans elèv yo</b>
<b>Fòmasyon pou Parapwofesyonèl: Rezo FINS</b>	<b>Parapwofesyonèl</b>	<b>Parapwofesyonèl yo te resevwa fòmasyon sou estrateji pou sipòte elèv ak fanmi elèv ki gen divès orijin yo.</b>	<b>1<sup>ye</sup> Novanm</b>	<b>Sipò parapwofesyonèl</b>

### Lòt Aktivite

Lekòl la pral òganize yon seri aktivite, pral mete resous disponib pou fanmi yo epi pral bay ankourajman ak sipò pou fanmi yo yon fason pou yo kapab pi byen patisipe nan pakou edikatif pitit yo gras ak:

Repons:

- Sant Resous Paran an ofri yon orè lib pou fanmi yo aksede ak materyèl epi resous ki gen pou wè ak lekòl la ak pwogram Tit I an.
- Sèvis Tradiksyon Sant Resous Paran an ofri ki disponib sou demann.
- Pelican Post ofri konsèy ak estrateji pou fanmi pou yo kapab enplike totalman nan pakou edikatif pitit yo.
- Òdinatè yo disponib nan Sant Resous Paran an pou ofri fanmi yo aksè pou verifye nòt elèv yo, pou ranpli aplikasyon pou manje midi, epi pou peye fakti gadri.
- Konseyè Oryantasyon Eskolè a, Ofisye Eta Sivil la, ak Enfimyè a ap bay konsèy ak resous pou elèv ak fanmi ki nan bezwen yo.
- Konseyè Lekòl la ak Travayè Sosyal la ofri Sèvis Konsèy Ekstèn epi referans ak fanmi ki nan bezwen yo.
- Patenarya avèk Keys to Be the Change bay konsèy ant kamarad ak konsèy akademik.



### Kominikasyon

Lekòl la pral bay paran timoun ki ap patisipe yo enfòmasyon nan BON MOMAN konsènan pwogram ak aktivite Tit I yo gras ak:

#### Repons:

Platfòm kominikasyon yo gen ladan yo rezo sosyal, bilten nouvèl, sit wèb, Blackboard Connect, Edikatè paran, Pano Afichaj Arive/Depa, Reyinyon SAC, Dosye Jou Madi, Remind, Class Dojo ki itilize pou pataje enfòmasyon sou Reyinyon Anyèl Tit I nou an, Aktivite Angajman Paran ak Fanmi, elatriye.

Reyinyon ak evènman sa yo òganize nan lekòl la, ak aksè avèk tradiktè, ak ansanm avèk Evènman Pòt Louvri nou an, Aktivite Rantre Lekòl la, epi Pelican Palooza a. Nou distribiye Depliyàn Tit I yo nan evènman sa yo ansanm ak nan Dosye Jou Madi yo tou.

Nou itilize Ankèt Tit I yo pou rasanble opinyon fanmi yo konsènan edikasyon pitit yo ak Tit I an.

Poinciana Elementary mande pou tout pwofesè yo kominike avèk fanmi yo epi planifye yon konferans pandan premyè trimès la. Tout kanè ak rapò pwogrè yo bay opòtinite pou pwograme yon konferans ant paran ak pwofesè.

### Kominikasyon (swit)

Nou ap pataje dekripsyon ak eksplikasyon sou kourikoulòm akademik, fòm evalyasyon akademik nou itilize pou mezire pwogrè elèv yo, ak nivo konpetans elèv yo dwe atenn yo pa mwayen:

#### Repons:

Eta a ak distri a verifye ak apwouve Kourikoulòm Akademik la. Menm jan an tou, nou evalye elèv nou yo pandan n ap itilize platfòm tè apwouve yo tankou FAST, STAR, Benchmark, Savvas, iStation. Nou kontwòle pwogrè elèv yo pandan n ap itilize evalyasyon sa yo epi nou adapte ansèyman yo pou satisfè bezwen elèv yo genyen nan kad Kourikoulòm Entèvansyon adisyonèl ki apwouve yo. Nou kominike enfòmasyon sou kourikoulòm bay paran yo pandan reyinyon SAC yo. Paran yo te kapab konsilte alavans manyèl pwofesè yo ak ti liv lekti elèv yo kourikoulòm nan te apwouve. Paran yo ka mande tou nenpòt ki lè pou yo pwograme yon konferans paran/pwofesè pou egzamine enfòmasyon yo.

Yo kominike tout pwogrè nan Evalyasyon yo bay paran yo nan Dosye Jou Madi yo. Nou afiche rezilta evalyasyon yo avèk rapò paran yo tou pou paran yo nan pòtay paran FOCUS la.

Nou kominike tou enfòmasyon sou kourikoulòm ak evalyasyon avèk paran yo pandan seri Reyinyon/Atelye FAST Paran nou yo. Chak nivo klas gen pwòp reyinyon sible li de fwa pa ane. Pandan reyinyon sa yo, nou ede paran yo konprann estanda tè yo, rezilta Kontwòl Pwogrè yo ak fason pou yo idantifye domèn ki bezwen èd pou elèv yo amelyore.



### Kominikasyon (swit)

Posibilite pou reyinyon regilyè pou fè sijesyon epi pou patisipe, lè sa apwopriye, nan desizyon ki gen rapò ak edikasyon pitit yo;

#### Repons:

Biwo resepsyon an gen yon kòd QR ki afiche ladan l pou fanmi yo kapab mete opinyon yo epi patisipe. Tout fanmi yo resevwa tou yon lyen pou Ankèt sou Angajman Paran ak Fanmi Tit I de fwa pa ane. Poinciana kominike detay/enfòmasyon ki gen rapò ak enplikasyon paran yo ak edikasyon pitit yo nan Dosye Jou Madi yo, Chak semèn, nan Bilten Nouvèl, ak Platfòm Rezo Sosyal yo.

Reyinyon SAC ak PTO yo fèt chak mwa tou pou rasanble opinyon paran, sijesyon yo genyen ak opinyon yo.

### Kominikasyon (swit)

Yon mwayen pou dokimante kòmantè/preyokipasyon paran yo konsènan Plan Amelyorasyon nan Tout Lekòl la/Plan Amelyorasyon Lekòl la (Schoolwide Improvement Plan/School Improvement Plan, SIP) ansanm ak Plan Angajman Paran ak Fanmi (Parent and Family Engagement Plan, PFEP) lè yo pa satisfè paran timoun ki ap patisipe yo. Lekòl la pral enkli yon dokimantasyon sou kòmantè/preyokipasyon/kesyon paran yo nan plan an ki pral disponib pou ajans edikasyon lokal la (Local Education Agency, LEA) atravè:

#### Repons:

Nou itilize reyinyon SAC Poinciana nou yo pou kolekte opinyon/preyokipasyon ki gen sou SIP ak PFEP lekòl nou yo. Nou pral note prèv konsènan kontribisyon paran yo, ki gen ladan kòmantè ki montre ensatisfaksyon, epi nou pral soumèt yo bay biwo Distri Tit I an nan kad pwosesis Plan Angajman Paran ak Fanmi an.

### Aksesibilite

Lekòl la pral bay tout fanmi yo tout opòtinite pou patisipe nan aktivite angajman paran ak fanmi yo (ki gen ladan yo paran ki pa fin konprann Anglè yo, paran ki gen andikap yo, paran ki migran yo, epi timoun ki sanzabri yo):

#### Repons:

Poinciana itilize Blackboard, Remind, Dojo ak lòt platfòm kominikasyon ki bay sèvis tradiksyon nan kominikasyon ant lekòl ak lakay nan nenpòt lang yo pale sou kanmpous nou an. Language Line Solutions bay sèvis tradiksyon alekri epi aloral pou pèmèt fanmi yo patisipe nan aktivite angajman fanmi yo. Gen tradiktè ki disponib an pèsòn epi sou plas pou ede fanmi yo nenpòt kilè, ki gen ladan Edikatè Paran nou an.

Yo voye dokiman lekòl yo, piblisite evènman yo, ak ankèt yo nan kay yo nan lang panyòl, kreyòl ak lòt lang yo mande lè sa nesèsè.



### Baryè

Dekri baryè ki te anpeche patisipasyon paran yo pandan ane eskolè anvan an ak ki etap lekòl la pral pran pandan ane lekòl aktyèl la pou simonte baryè yo (avèk atansyon patikilyè yo bay paran/fanmi ki andikape yo, ki pa fin konprann Anglè yo, ak paran/fanmi timoun migran yo).

**Repons:**

Poinciana Elementary School, aprè li fin egzamine Plan Angajman Paran ak Fanmi ane anvan yo ak opinyon ki akonpaye yo, rekonèt egzistans baryè ki vini annaprè yo pou angajman paran ak fanmi.

<b>Baryè (ki gen ladan sougwoup espesifik)</b>	<b>Etap Lekòl la pral Pran pou Simonte</b>
Yon baryè enpòtan nan kominikasyon avèk paran elèv lekòl primè ki pale yon dezyèm lang se <b>konpetans nan lang.</b>	Poinciana Elementary School ap rezoud baryè sa a pandan l ap: <ol style="list-style-type: none"><li>1. Bay tout paran yon anviwònman akeyan, agreyab kèlkeswa lang yo.</li><li>2. Bay sèvis tradiksyon atravè yon liy lengwistik pou tradwi dokiman.</li><li>3. Anboche pèsònèl bileng</li><li>4. Itilize Fonksyon Soutit Microsoft PowerPoint pou tradwi prezantasyon an dirèk yo.</li><li>5. Itilize yon zouti tradiksyon Travayè Sosyal la bay.</li><li>6. Ofri resous ki soti nan Sant Resous Paran nou an pou yo ale lakay</li><li>7. Edike paran yo sou aplikasyon aprantisaj lekòl la apwouve yo ki disponib pou elèv yo gen aksè lakay yo.</li><li>8. Itilize zouti kominikasyon mesaj tèks pou paran avèk yon tradiksyon lang apwopriye pou enfòmè paran yo sou balans manje midi yo, reyinyon enpòtan yo, ak lòt reyinyon lekòl yo.</li></ol>